

Adamu na Eva barabaye abikunzi


ITANGURIRO IKIGABANE CA 2 N'ICA 3

YEHOVA YAREMYE UMUNTU WA
MBERE, **ADAMU**, AMUKUYE MU
MUKUNGUGU. YACIYE AMUSHIRA
N'UMUGORE WIWE **EVA** AHANTU
HEZA CANE HITWA **EDENI**.


YARABAHAYE **IBITI** VYIZA
HAMWE N'IVYO **KURYA**
BIRYOSHE.

YABASAVYE KWITWARARIKA **IBIKOKO**. HANYUMA
ABWIRA ADAMU NA EVA KO BAZOBAHO **IBIHE**
VYOSE MW'IPARADIZO ARI ABAGENZI BIWE.
ARIKO YEHOVA YABAHAYE **ITEGEKO** RIMWE
RIHAMBAYE . . .





YEHOVA YAVUZE
KO TUDAKWIYE
KURYA KU VYAMWA
VYO KURI **KIRYA** GITI.
NITWABIRYA
TUZOCA **DUPFA**.




SHETANI YARAHENZE EVA
ABICISHIJE KU NZOKA.



HABA
NAMBA
NTIMU-
ZOPFA.

SHETANI YASHATSE KO EVA YIYUMVIRA
IVIWE GUSA NTIYIYUMVIRE IVYA YEHOVA.

NIMWAKIRYAKO,
MUZOCA **MUMERA**
NK'IMANA.



ADAMU, **JEWE**
NARIYE CA CAMWA.
AKIRA **NAWE**.

YEHOVA YARABABAYE CANE
KUBERA KO ADAMU NA EVA
BAMUGAMBARARIYE N'UBWIKUNZI.

IBYO WAKOZE
NI IBIKI?
**UZOPFA KANDI
UZOSUBIRA MU
MUKUNGUGU.**

YEHOVA YACIYE **YIRUKANA** ADAMU NA EVA
MURI UWO MURIMA, HANYUMA **ABAKERUBI**
BACA BAZA **KUWUCUNGA**.

UBWIKUNZI BWA ADAMU NA EVA
BWATUMYE BAHOMBA **IPARADIZO**,
UBUZIMA BUDAHERA, HAMWE
N'UBUCUTI BARI BAFITANIYE N'IMANA.

YI NKURU ITWIGISHA IKI?

NI IBIKI YEHOVA YARI **YAHAYE** ADAMU
NA EVA?

ICOGUFASHA: ITANGURIRO 1:28; 2:
7-9, 19, 22.

NI IBIKI **YIYABAYE** KUBERA ADAMU NA
EVA BABAYE ABIKUNZI?

ICOGUFASHA: ITANGURIRO 3:16-19;
ABAROMA 5:12.

WOKWEREKANA GUTE KO **UTARI**
UMWIKUNZI?

ICOGUFASHA: ABAFILIPU 2:4;
1 YOHANI 5:3.